

LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK (LKPD)

Materi: Geguritan

Tujuan Pembelajaran : Peserta didik mampu memberi tanda jeda geguritan secara berkelompok dengan benar.

Jeneng Kelompok :

.....

.....

.....


.....

Kelas :



Carane nggarap:

1. Wacanen geguritan “Biyen lan Saiki” ing isor iki!
2. Wenehana tandha jeda/mandheg kang trep ing geguritan iku!
3. Tulisen wangsulane ing papan kang cumepak!



BIYEN LAN SAIKI

Bangkit Irmanudin Bahri

Nalikane kenthong isih muni
Titir mungel ing wayah wengi
Tangga teparo isih gemati
Kaya ora ana sing nglarani ati
Kang kawetu saka lathi tansah ngati-ati
Beda kahanan karo saiki
Jaman dikebaki dening teknologi
Nanging sedulur kaya ora tau ditepungi
Kebak pawarta kang ora mesthi
Direnggani serike ati
Kaya mangkono bedane kahanne mbiyen lan saiki
Apa kahanan kaya ngene kang bakal diwarisi?
Aja mung mikir bathi lan rugi
Prayogane tumindak becik tetep dilestari

Surabaya, 30 November 2023

WANGSULAN

MENEHI TANDHA JEDA/MANDHEG
ING GEGURITAN

